

Nimewo 4.21

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinye Deklarasyon Ijans pou Katastwòf nan tout Eta a akòz mank nan pèsònèl pou swen sante nan Eta New York**

**KONSIDERE KE**, gen mank pèsònèl nan lopital ak nan lòt etablisman swen sante epi yo prevwa sa ap kontinye;

**KONSIDERE KE**, gwo mank pèsònèl nan lopital yo ak lòt sant swen sante yo ta dwe afekte kapasite pou kontinye bay swen enpòtan ak pou byen sèvi popilasyon vilnerab yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, gen yon nesosite imedyà ak enpòtan pou konplete kantite pèsònèl la pou asire sant swen sante yo kapab bay swen;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, mwen menm, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Lwa Eta New York yo te konfye mwen, avèk dokiman sa a, pwolonje eta dijans poutèt katastwòf jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 4 la, jan lòt apre yo te kontinye li, epi kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispansyon yo nan Dekrè Egzekitif Nimewo 4 ak siksesè li jiska 8 jen 2023.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan venndezyèm jou mwa me nan ane de mil venntwa.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a